



Plan Akouchman Mwen

Yon plan akouchman se yon lis preferans oswa vowlwa pou eksperyans akouchman ou. Li p ap mete limit nan chwa ou genyen depi ou kòmanse gen tranche. Ou kapab chanje lide ou nenpòt lè. Piske chak tranche ak akouchman diferan, nou pa kapab garanti tout preferans ou yo ap bon pou akouchman ou. Nou ankouraje pou ou pale sou plan akouchman ou avèk doktè oswa fanmsaj ou. Nou pral kowopere avèk ou pou eseye fè eksperyans akouchman ou an pi pre sa ou swete yo otank posib; men, priyorite nimewo en nou se sekirite oumenm ak tibebe ou an.

Non: _____

Founisè swen OB: _____

Non Patnè a: _____

Pedyat Tibebe a: _____

Non Tibebe a: _____

Kontak Pedyat Tibebe a: _____

Dat ki prevwa pou Tibebe a fèt: _____

Klas prenatal ou te patisipe ladan: _____

Pou Tranche:

- Bese limyè
- Limite kantite envite: _____
- Mwen ta renmen kite kabann byen vit otank posib.
- Mwen ta prefere gen yon katetè kachte nan venn (saline lock) alapas likid nan venn.
- Mwen ta vle yo itilize lòt chwa pou soulajman doule tankou egzèsis respirasyon, masaj, douch ak chanjman pozisyon.
- M ap mande medikaman pou doule si mwen bezwen li.
- Mwen ta vle yon epidural pou ede m sipòte doule tranche mwen.
- Mwen ta vle pran medikaman pou doule si ou wè mwen malalèz.
- Mwen pa fin sèten kisa mwen vle pou soulajman doule m, m ap deside lè mwen gen tranche.
- Mwen ta vle mete nan bank oswa fè don san kòd lonbrik mwen.
- Mwen ta renmen itilize mizik pòtab mwen ak kas ekoutè mwen pandan tranche.
- Mwen ta renmen yo pran foto oswa videyo anvan nesans lan.

Zouti pou Tranche:

- Balon akouchman
- Sipò CUB
- Balon pistach (Peanut ball)
- Ba pou ede koupi (Squat bar)
- Douch

Pandan Akouchman:

Kantite moun pou bay sipò (*jiska 3 moun*) _____

- Mwen ta vle gen chwa pou akouche nan lòt pozisyon apa sou do, si sa posib.
- Mwen ta renmen retade moman pou klanpse kòd lonbrik la pou 30-60 segonn.
- Mwen ta renmen patnè mwen koupe kòd lonbrik la.
- Mwen ta renmen yon glas pou m wè akouchman mwen an.
- Mwen ta renmen manyen tèt tibebe mwen an pandan l ap parèt.

Swen Apre-akouchman/Nouvone:

Kontak po-ak-po apre akouchman an se nivo swen nòmal yo bay pou asire ni manman an ni tibebe a estab, epi yo ankouraje li pandan tout sejou ou.

- Si tibebe mwen an dwe apa akòz swen/tretman medikal, mwen ta renmen _____ akonpaye li.
- Mwen ta vle jwenn egzeyat byen vit otank posib.
- Si mwen fè yon ti gason, mwen ta renmen li sikonsi anvan egzeyat si pedyat mwen otorize sa.
- Si mwen fè yon ti gason, mwen pa ta vle li sikonsi.

Sezaryèn:

- Mwen ta renmen _____ akonpaye m nan sal operasyon an. (*1 moun*)

Lòt Demann yo:

- _____
- _____
- _____